

INYIGISHO Y'INTANGAMARARA KU BANTU BAKORERA "AHANTU HAKUNZWE CANE" KUBERAMWO IGURISHWA RY'ABANA

Ibintu ukwiye kurondera:

Mu mwanya nyene uzoba uriko urikorera ibindi usanzwe ukora- ukugendera imiryango, n'ibindi n'ibindi, IMINSI YOSE uzokwame uraba ibimenyetso biranga igurishwa ry'abana. TURAZI KO BIRIHO. Dukeneye gusa kubona aho biri, kubironkera ivyemezo no kuronka uburyo bwo guseruka no gufasha abana.

Mu mwanya uzoba uriko urakora ibikorwa vyawe usanzwe ukora, wame wibuka ko uko umenya neza cane mu buryo bukwiye akarere n'abantu bagatuye, niko ugira amahirwe menshi yo gushobora gutahura ikintu kitagenda neza bijanye n'ivyo ubona. Rero iminsi yose uze wame ugerageza kurondera ingene wokwongerako ku vyo usanzwe uzi ku bijanye n'akarere kanaka n'abantu bagatuye.

- Umwana mu buryo bwihuta ukabona ariko afashwa n'umuntu mushasha
- Umwana yarasanzwe azwi mu karere akaburwa mu mwanya muto
- Umwana yarasanzwe azwi mu karere bikavugwa ko yoba yafashe urugendo, ariko bikaboneka ko harimwo ibintu biteye amakenga
- Umurwi w'abana ukoboneka mu mwanya muto, ata bantu babakurikirana canke bagakurikiranwa n'abantu bakuze biboneka ko atari abavyeyi babo
- Umwana avuga ururimi rutandukanye n'urw'uwukuze amukurikirana
- Umwana asa nk'uwutekewe n'ubwoba, yirinda kuraba abantu mu maso
- Umwana asa nk'uwuzazaniwe
- Umugwi w'abana ukabonwa uri mu muduga, imiduga minini yunguruza abantu canke yunguruza ibintu, canke ukababona bariko barurira canke bururuka.
- Umwana akavuga yuko ariko arangendera umuryango ariko atazi aho uba, ntagire izina canke ibikwiye kugira ashobore kuronka uwo muryango
- Umwana ahamagara uwukuze amazina adafashe canke ahushanye

Vyateguwe na Ibikorwa kwa Buri Mwana
"Ivyizigiro ku bana bibagiwe bo muri Afrika"
Email ecmafrica@ecmafrica.org
Vyahinduwe mu Kirundi na Fabrice Bayubahe



- Abantu baboneka yuko basa nk'abaharira ku giciro c'umwana
- Ukabona umwana ariko aragurishwa canke bisa nk'uko
- Abana bafungiwe ahantu kure
- Biboneka ko abana bariko barinyegeza mu muduga canke ahandi hantu
- Ukabona umuntu ariko aratangira impapuro za karangamuntu ku mugwi w'abana canke ariko arazibaka
- Abaporisi bagashika hanyuma abakuze bakurikirana abana bagaca bahunga
- Ibigaga binini canke iyindi miduga mu bisanzwe itahora igendera muri icyo soko
- Mbega ni ikihe kintu kindi cogutera amakenga?

Ico wobikorera:

Ihangiro nyamukuru ni ugufasha uwo mwana canke abo bana gushika ahantu hari umutekano ukwiye. Ihangiro rikurikira ni ugufasha abajewe umutekano gucakira abantu bafise uruhara muri icyo gikorwa canke ugatanga inkuru zishobora kubafasha.

- Ntuseruke wewe ubwawe imbere yabo bantu bakora ubwo bucuruza.
- Andika ibintu vyose biboneka neza cane: Impuzu, inkovu k' umubiri w'uwudandaza abana, ururimi ruvugwa, umuduga, inomeru y'urupapuro rwo gutwara umuduga, inzira bacyemwo. Wandike unyarutsa ivyo vyose ariko wirinde ko abo bacuruza bakubona.
- Hamagara abajewe umutekano ubwo nyene mu gihe ubonye ko ubuzima bw'umwana bushobora kuhasigara canke mu gihe ubonye ibimenyetso bikwiye vy'icuruzwa ry'abana.
- Ibikorwa biteye amakenga: Urabire kure, ariko umere nk'uwutariko araraba. Hamagara abajewe umutekano vuba cane. Undika ubutumwa bwo kuri terefone mu gihe ubona ko uhamagaye wobonwa.
- Andika iraporo mu masaha 24, uheze uyihe abarongozu musanzwe mukorana
- Baza ibibazo, mu gihe ubona ko bishoboka udashize ubuzima bwawe n'ubw'umwana mu ngorane
- Ibindi vyiyumviro vyofasha guseruka:

Vyateguwe na Ibikorwa kwa Buri Mwana
"Ivyizigiro ku bana bibagiwe bo muri Afrika"
Email ecmafrica@ecmafrica.org
Vyahinduwe mu Kirundi na Fabrice Bayubahe



Ibindi bintu ukwiye kubika neza:

Ibintu bijanye n'umuryango w'umwana ari mu nzu z'ubutambiro, hamwe n'ifoto imuranga, n'itariki yayo

Ibintu bijanye n'umuryango w'umwana wo mw'ibarabara mwahuye, hamwe n'ifoto imuranga, n'itariki yayo

Ibintu bijanye n'umuryango w'umwana adandariza mw'ibarabara, hamwe n'ifoto imuranga, n'itariki yayo

Ibijanye n'ishuri ryose riri mu karere, n'uwurirongoye hamwe n'ibikwiye kugira ushobore kumutora.

Ibijanye n'ishengero ryose riri mu karere, hamwe n'umupasitori wayo hamwe n'ibikwiye kugira ushobore kumutora.

Ibijanye n'inzu yo guhimbarizamwo ku yandi mazu yo guhimbarizamwo ari mu karere, hamwe n'uwuyarongoye n'ibikwiye kugira ushobore kumutora

Abajejwe umutekano – amazina hamwe n'ibikwiye kugira ushobore kubaronka

Ishirahamwe rijejwe gufasha abantu, ibiro bijejwe abagore n'abana – amazina n'ibikwiye kugira ushobore kubaronka

Ikarata y'isoko hamwe n'akarere hirya no hino yayo, ibintu vyose bibonekaho neza na neza

Vyateguwe na Ibikorwa kwa Buri Mwana
"Ivyizigiro ku bana bibagiwe bo muri Afrika"
Email ecmafrica@ecmafrica.org
Vyahinduwe mu Kirundi na Fabrice Bayubahe

